

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra téh mangrupa hasil karya, cipta, rasa, jeung karsa manusa sakaligus institusi sosial anu gelarna dina medium basa. Karya sastra biasana sipatna fiksi atawa rékaan, jadi naon anu dicaritakeun lain ukur mangrupa hasil pangalaman kahirupan manusa atawa pangalaman pribadi nu kungsi karandapan tapi bisa ogé hal-hal anu imajinatif. Salian ti éta, sastra ogé mangrupa bagian tina seni, lantaran dina sastra mah ngandung unsur éstétika (kaéndahan).

Nurutkeun Iskandarwassid dina ngagelarkeunana sastra téh ngagunakeun alat basa (2003: 130). Karya sastra ogé dianggap hiji struktur nu miboga ma'na (Pradopo, 2011: 108). Dumasar éta hal, pikeun bisa nyangkem ma'na atawa méré ma'na kana hiji karya sastra, tangtuna diperlukeun cara-cara anu saluyu jeung sipat hakékat karya sastra.

Karya sastra mangrupa struktur anu kompléks. Ku lantaran kitu, sangkan bisa paham kana karya sastra téh, salasihiji carana kudu dianalisis (Hill dina Pradopo, 2011: 108). Dina nganalisis sastra kudu maké salasihiji téori sastra, salasihiji téori sastra anu bisa digunakeun dina nganalisis nya éta téori struktural. Éta hal luyu jeung pamadegan Pradopo ieu di handap.

“Satu konsep dasar yang menjadi ciri khas teori struktural adalah adanya anggapan bahwa di dalam dirinya sendiri karya sastra merupakan suatu struktur yang otonom yang dapat dipahami sebagai suatu kesatuan yang bulat dengan unsur-unsur pembangunnya yang saling berjalanan. Oleh karena itu, untuk memahami maknanya, karya sastra harus dikaji berdasarkan strukturnya sendiri, lepas dari latar belakang sejarah, lepas dari diri dan niat penulis, dan lepas pula dari efeknya pada pembaca (Jabrohim: 2012: 69)”

Analisis struktur dina lingkup karya fiksi mah nya éta ngadéskripsikeun unsur-unsur struktur karya sastra jadi sababaraha rupa. Unsur-unsur pangwangun struktur éta dibagi jadi téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana carita

(sudut pandang, gayabasa, nada/suasana, jeung judul), jeung amanat (Stanton, dina Jabrohim). Analisis struktural miboga tujuan pikeun ngabongkar jeung ngajelaskeun sacara gemet sakabéh unsur anasir karya sastra anu aya pakuat-pakaitna nepi ka ngahasilkeun makna.

Dina analisis struktural mah unsur-unsur karya sastra téh kudu ditalungtik jeung dititénan kalawan bener luyu jeung pangaweruh anu jero ngeunaan harti, peran, jeung fungsina sarta sagala hal nu aya patalina jeung éta unsur.

Salian ti ngagunakeun téori struktural, dina nganalisis karya sastra téh aya deui téori nu bisa digunakeun nya éta téori semiotik. Semiotik téh saenyana mah minangka kamekaran pamarekan objéktif atawa pamarekan struktural, nya éta nalaah sastra ku cara nyangkem unggal unsur anu aya di jerona. Analisis struktural henteu bisa dipisahkeun jeung analisis semiotik, ieu hal dilantarankeun yén karya sastra mangrupa struktur (sistem) tanda-tanda anu miboga ma'na. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Junus (Pradopo, 2011: 118) anu nétélakeun saperti kieu:

“Bahwa semiotik itu merupakan lanjutan atau perkembangan strukturalisme. Strukturalisme tidak dapat dipisahkan dengan semiotik. Alasannya adalah karya sastra itu merupakan struktur tanda-tanda yang bermakna. Tanpa memperhatikan sistem tanda, tanda dan maknanya, dan konvensi tanda, struktur karya sastra tidak dapat dimengerti maknanya secara optimal.”

Semiotik téh élmu tanda, anu dijerona aya anu disebut *ikon*, *indéks*, jeung *simbol*. Dina semiotik sakabéh unsur anu aya di jero hiji karya sastra ditilik minangka bagian tina hiji sistem. Dina karya sastra, analisis semiotik digunakeun pikeun nyusud (nyungsi) harti jeung ma'na tanda-tanda anu kakandung dina karya sastra kaasup prosa, puisi, jeung drama. Semiotik disebut ogé cabang élmu anu aya patalina jeung pengkajian tanda atawa sagala hal anu aya patalina jeung tanda, saperti sistem tanda jeung prosés anu jadi dadasar ngagunakeun tanda (Koswara, 2010: 135).

Cara nu paling umum nya éta nganalisis sastra ngaliwatan dua tahapan nya éta analisis intrinsik jeung ékstrinsik. Dina maluruh jeung nalungtik hiji karya sastra diperlukeun dua téori, nya éta téori struktural jeung semiotik. Ku ngagunakeun téori struktural jeung semiotik, masarakat atawa nu maca bisa paham kana maksud atawa ma'na anu nyangkaruk dina karya sastra.

Karya sastra téh minangka hiji sistem anu miboga konvénsi-konvénsi sorangan. Dina karya sastra aya jenis-jenis sastra (genre) di antarana aya anu gelarna sacara lisan aya ogé anu tulisan. Ditilik tina wangunna, karya sastra Sunda kabagi jadi tilu golongan, nya éta prosa atawa wangun lancar, puisi atawa wangun ugeran, jeung drama (Iskandarwassid, 2003: 138). Dina ieu panalungtikan, wangun karya sastra nu baris dijadikeun bahan panalungtikan ngagunakeun téori struktural jeung semiotik nya éta wangun lancar atawa prosa dina wangun novél.

Novél téh mangrupa salasahiji karya sastra dina wangun prosa anu eusina panjang. Novél umumna ditulis dina wangun basa lancar, carita dina novél téh ilaharna mangrupa hasil rékaan pangarang, lain carita anu sabenerna, sok sanajan aya carita anu dipedar dina novél minangka gambaran kajadian nu geus kaalaman ku pangarangna. Salian ti éta novél disebut carita rékaan anu méré kesan lir enyanya kajadian tur ukuranana panjang (Tamsyah, 1996: 171). Wanda novél mah bisa midangkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi, ku lantaran kitu, ieu novél dipilih jadi bahan panalungtikan.

Novél nu dijadikeun objek ieu panalungtikan judulna *Sudagar Batik*. Ieu novél ditulis ku Ahmad Bakri tur dimedalkeun ku PT. Kiblat Utama. Dumasar tinimbangan, ieu novél bisa dijadikeun bahan panalungtikan lantaran eusina ngagambarkeun sumanget hirup anu payus upama ditulad ku urang, bisa méré eunteung keur kahirupan masarakat kahareupna, jeung bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola lantaran ngandung unsur moral anu hadé.

Patalina jeung bahan pangajaran, hususna pangajaran basa Sunda, aya pangajaran aprésiasi sastra. Aprésiasi sastra mangrupa bagian tina kamampuh

sastra anu dipiboga ku masing-masing individu. Dina ngaprésiasi sastra téh moal salawasna sarua antara individu jeung individu lianna pasti aya bédana. Éta hal dilantarankeun ku pangaweruh anu dipiboga ku masing-masing individu. Jalma nu sok resep maca karya sastra tangtu tingkat intelektualna bakal béda jeung jalma nu tara maca pisan. Dina ngaprésiasi karya sastra, urang kudu mikawanoh hubungan antara hiji karya sastra jeung kahirupan nyata. Karya sastra diaprésiasi masarakat ku cara nalungtik eusi, boh sacara umum boh sacara husus, lantaran ayana tujuan, kapentingan, jeung kasang tukang nu béda-béda.

Di kalangan siswa, kamampuh ngaprésiasi sastra, hususna kana novél masih kénéh minim. Éta hal dilantarankeun siswa can pati apal kana kaayaan novél Sunda. Salian ti éta, siswa ogé can pati mikagandrung maca novél Sunda dina kahirupan sapopoéna.

Dina ulikan sastra Sunda, panalungtikan ngeunaan karya sastra hususna novél disawang tina jihat struktur jeung semiotik kungsi dilaksanakeun mangrupa skripsi nya éta saperti ieu di handap.

- 1) “Kajian Struktural dina novél *Kembang Rumah Tangga* karangan Tjaraka” disusun ku Nunung Nuryanti. 2004.
- 2) “Kajian Semiotik novél *Sri Panggung* Karangan Tjaraka” disusun ku Ai Yansri Nurlaélani. 2005.
- 3) “Visi jeung Misi Wanoja dina Novél *Carios Agan Permas* Karangan Jeohana (analisis struktural-semiotik)” disusun ku Ellys K.D. 2005
4. “Analisis Intrinsik novél *Kembang-Kembang Petingan* (dumasar Struktural-Semiotik) Karangan Holisoh M.E” disusun ku Diana Rahadianingsih. 2005.
- 5) “Struktural-Semiotik kana novél *Nu Kaul Lagu Kaleon* Karangan RAF” disusun ku Didih Ahmad Mansur. 2005.
- 6) “Ulikan Semiotik kana kumpulan Carpon *Surat keur ka Sawarga* karangan Paguyuban Sastrawati Sunda Patrem” disusun ku Yessi Hermawati. 2006.

Tina tilikan hasil panalungtikan, nu nalungtik kana novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri disawang tina jihat analisis struktural jeung semiotik anu dipatalikeun jeung pangajaran mah tétéla tacan aya. Ku lantaran kitu, pikeun ngeyeuban pangaweruh kana karya sastra jeung bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan jeung Watesan masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, ieu panalungtikan baris diwatesan masalahna. Anu rék di pedar dina ieu panalungtikan téh nya éta medar unsur-unsur struktur jeung semiotik dina novél tuluy dipatalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA. Anu baris dipedar dina struktur nya éta unsur téma, fakta carita (galur, tokoh atawa penokohan, latar), sarana carita (judul, gaya basa/nada, puseur panitén), jeung amanat, sedengkeun dina semiotik ngawengku tilu nya éta ikon, indéks, jeung simbol, tuluy dilarapkeun dina pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, masalah ieu panalungtikan diwangun dina kalimah tanya ieu di handap.

1. Unsur struktural naon baé nu aya dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri téh?
2. Unsur semiotik naon baé anu nyangkaruk dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri téh?
3. Tina hasil panalungtikan naha novél *Sudagar Batik* luyu dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Panalungtikan ngeunaan “Analisis Struktural Jeung Semiotik Dina Novél *Sudagar Batik* Karangan Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA” miboga tujuan pikeun nuwuhkeun jeung ngariksa budaya daérah nu kaunggel dina karya sastra sangkan dipikawanoh ku masarakat jeung siswa. Salian ti éta, bisa dijadikeun tolak ukur pikeun ngajén kamampuh siswa dina ngaprésiasi hiji karya sastra jeung bisa dijadikeun acuan pikeun bahan pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun hal ieu di handap.

1. Unsur struktural anu nyangkaruk dina novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri.
2. Unsur semiotik anu nyangkaruk dina novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri.
3. Ngalarapkeun hasil panalungtikan ngeunaan novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan karya sastra, bisa ngaronjatkeun minat maca hususna di lingkungan mahasiswa, ngaronjatkeun intéléktual jeung kréativitas manusa sangkan bisa terus ngahasilkeun karya. Lamun dipatalikeun jeung atikan, bisa digunakeun ku guru basa Sunda pikeun dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran sarta pikeun ngajén kamampuh siswa dina ngaprésiasi hiji karya sastra.

1.4.2 Manfaat Praktis

Bisa nuwuhkeun karep jeung karesep masarakat pikeun terus ngamumulé sastra jeung ningkatkeun karesep maca karya fiksi.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika nulis skripsi dina panalungtikan ieu nya éta bisa dipasing-pasing saperti ieu di handap.

- a. Bab 1 atawa bagian bubuka, dina ieu bab masalah anu dipedar ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat praktis jeung téoritis), jeung raraga tulis.
- b. Bab II atawa bagian dasar téori, bagian anu dipedar nya éta ngeunaan novél, sajarah kamekaran novél, papasingan novél, unsur struktural novél anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana carita (gaya basa, nada/suasana pangarang), jeung amanat, lian ti éta ngabahas ngeunaan unsur semiotik anu ngawengku tilu tanda nya éta ikon, indéks, jeung simbol, sarta ngabahas ngeunaan pangajaran (bahan pangajaran, kritéria milih bahan pangajaran, tujuan pangajaran, SKKD), nu pamungkas ngabahas ngeunaan aprésiasi sastra.
- c. Bab III ngeunaan métodologi panalungtikan anu ngawengku, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik panalungtikan, sumber data, sarta instrumén panalungtikan.
- d. Bab IV ngabahas ngeunaan analisis unsur struktural jeung semiotik novél *Sudagar Batik* karangan Ahmad Bakri anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi sastra.
- e. Bab V ngawengku panutup anu eusina nya éta kacindekan, saran.
- f. Daptar pustaka
- g. Lampiran
- h. Riwayat hirup